



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 17ÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2017
LAN: ENVESTI \$2 MILYA NAN ENFRASTRIKTI DLO PWÒP AK POU
PWOTEKSYON KALITE DLO YO**

Investisman pou Ede Kominote yo Amenaje Enfrastrikti Dlo Pòtab ak Dlo Ize yo

*Finansman pou Pwoteje Sous Dlo Pòtab yo lè yo Konsève Espas Lib yo ak
Reponn a Pwoblèm Kontaminan yo*

Priyorize Kolaborasyon Rejyonal ak Solisyon pou Nivo Basen Vèsan yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la (Clean Water Infrastructure of 2017) pou investi yon montan rekò \$2 milya nan enfrastrikti dlo ki enpòtan anpil nan Eta New York yo. Investisman istorik sa a nan enfrastrikti dlo yo, enfrastrikti dlo ize yo ak mezi pou pwoteksyon sous dlo yo pral amelyore sante ak byenèt kominote a, pwoteje resous dlo ki pi enpòtan nou yo, epi kreye djòb. Finansman pou pwojè yo pral priyorize solisyon rejyonal ak nivo basen vèsan yo, epi bay prim ankourajman pou konsolidasyon ak pataj sèvis dlo ak sèvis dlo ize yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Lè nou investi nan enfrastrikti dlo yo sa enpòtan anpil pou nou estimile kwasans nan kominote nou yo ak nan eta nou an. Lwa sa a pral kontinye angajman istorik nou pran pou nou pwoteje ak prezève resous natirèl New York yo avèk \$2 milya pou amenajman enpòtan nan sistèm dlo atravè tout eta yo. Investisman sa a pral rekonswi ak amelyore enfrastrikti rejyonal nou an, pandan l ap sipòte yon New York ki pi solid, ki pi an sante pou anpil jenerasyon k ap vini yo.”

Lwa \$2 milya pou Enfrastrikti Dlo Pwòp la pral founi dola kapital yo bezwen pou amenaje sistèm dlo pòtab minisipal yo, amelyore sistèm dlo ize minisipal yo, epi pwoteje dlo pòtab yo depi nan sous yo. Anplis de prim ankourajman sèvis pataje yo, finansman an pral priyorize tou planifikasyon soti nan baz rive anwo, ki baze nan kominote onivo rejyonal ak nivo basen vèsan yo. Mezi ki resevwa finansman yo pral gen ladan yo:

Avansman nan Sistèm Dlo Pòtab Minisipal yo

- Enstale sistèm tretman dlo ize avanse, ki gen ladan yo sa ki reponn a nivo nitwojèn k ap emèt nan ekosistèm Long Island lan;

- Amenaje santral tretman dlo ize ansyen yo pou ogmante kapasite ak amelyore rezistans yo; epi
- Konekte kay ki la deja nan kominote peple yo ak sistèm dlo egou yo oswa enstale sistèm septik piblik avanse sou plas.

Amenajman Sistèm Tretman Dlo Ize Minisipal yo

- Enstale sistèm tretman dlo ize avanse yo;
- Amenaje santral tretman dlo ize ansyen yo pou ogmante kapasite ak amelyore rezistans yo; epi
- Konekte kay ki la deja nan kominote peple yo ak sistèm dlo egou yo.

Mezi pou Pwoteje Sous Dlo yo

- Mete rekòmandasyon Plan Pwoteksyon Sous Dlo (Source Water Protection Plans) efò kominote yo estimile yo an aplikasyon, Fon Pwoteksyon Anviwònmantral la (Environmental Protection Fund) te finanse kòmanse an 2017-2018 la;
- Konsève espas lib yo epi konstwi enfrastrikti vèt, tankou marekaj yo konstwi yo, pou kapte ekoulman ak filtre kontaminan yo;
- Asire jesyon ak estokaj apwopriye kontaminan komen yo tankou fimye ak sèl wout pou anpeche ekoulman; ak
- Ogmante fon Superfund eta a pou akselere netwayaj dechè danjre yo ki ka gen enpak sou sous dlo pòtab yo.

Basil Seggos, ki se Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal Eta New York la, te di, “Gouvènè Cuomo kontinye rekonèt bezwen ekonomik ak anviwonmantal pou amenaje ak amelyore enfrastrikti dlo ansyen eta a epi atake menas kontaminan yo pa règleman ki fenk ap parèt yo poze yo pou asire tout Nouyòkè gen aksè a dlo pwòp. Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la ranfòse lidèchip Eta yon fason konsiderab anpil lè l kontinye fè investisman estratejik nan pwojè enfrastrikti dlo yo. Lè nou ogmante finansman pou pwogram Superfund eta a, eta a ap founi tou resous ki enpòtan anpil pou reponn a zòn potansyèl ki ka gen kontaminasyon dlo depi nan sous yo. Pandan kominote atravè tout peyi a ap goumen pou amenaje enfrastrikti dlo yo epi reponn a nouvo defi kontaminan ki fenk ap parèt yo poze yo, New York yon lòt fwa ankò ap trase egzanp epi l ap asire tout kominote yo gen aksè a dlo pwòp.”

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te di, “Gouvènè Cuomo konprann klèman dlo pòtab pwòp nesès pou sante piblik. Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la pwomèt nivo finansman istorik epi li pran mezi agresif pou prezève apwovizyonman dlo nou yo pandan l ap kreye yon modèl nasyonal pou pwoteksyon dlo pòtab yo.”

Gouvènè Cuomo te pran mezi desizif pou asire jenerasyon Nouyòkè aktyèl yo ak sila ki ap vini yo gen aksè a dlo pwòp. An Fevriye 2016, Gouvènè Cuomo te [lanse](#) Ekip Repons Rapid sou Kalite Dlo a (Water Quality Rapid Response Team) pou idantifye ak reponn rapid a pwoblèm kalite dlo pòtab yo atravè tout eta a. An septanm, li te [siyen pou vin lwa](#) lejislasyon istorik ki egzije distri lekòl yo teste dlo pòtab yo pou wè si gen plon ladan. Pandan efò sa yo ap kontinye idantifye nouvo defi yo, li klè bezwen nouvo enfrastrikti yo pi enpòtan lontan an pase resous ki disponib aktyèlman yo.

Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la pral ajoute sou lidèchip Gouvènè Cuomo avèk investisman resous san presedan nan enfrastrikti dlo pòtab ak dlo ize yo ak pou pwoteksyon kalite dlo atravè tout eta a. Rekò pèfòmans Gouvènè a gen ladan l pwomilgasyon Lwa \$400 milyon pou Amenajman nan Enfrastrikti Dlo 2015 lan, ki te sekirize yon investisman rekò \$300 milyon pou Fon Pwoteksyon Anviwonman, epi founi \$11 milya nan finansman Fon Renouvlab Dlo Pòtab ak Dlo Pwòp Eta a (Drinking Water and Clean Water State Revolving Fund). Investisman Enpòtan \$2 milya nan dlo pwòp la pral pwoteje sante piblik la, pwoteje anviwonman an, epi kreye djòb.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418